ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№114 (24.552) • 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ[I]апIэм къызэритамкIэ



# БгъэдыхьэкIэщIэхэр къагъэсэбэпынущ

**Налшык щызэхэтащ КъБР-м Наркотикхэм пэщIэтынымкIэ и комиссэм хэтхэм я зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, республикэм и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

- Хъыбарегъащ[I]э-телекоммуникацэ технологиехэр иужьрей лъэхъэнэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэп хабзэр къызэпызыудхэм, наркотикхэр апхуэдэ щIыкIэм тету зезыгъакIуэхэри яхэту. IT-технологиехэм я зэфIэкIхэр я тегъэщIапIэу, абыхэм щIэпхъаджагъэхэр зэфIахыф, я цIэ-унэцIэхэр хэIущIыIу ямыщIу. Апхуэдэ дыдэуи фейдэ кърагъэщIыф а Iуэхугъуэм, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм, зэIущIэр къыщызэIуихым. - Ауэ щыхъукIэ, оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэфIэкIуэныр, профилактикэ Iуэхугъуэхэм зегъэубгъуныр, интернетымрэ нэгъуэщI хъыбарегъащIэ технологиемрэ я тегъэщIапIэу щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыным пэщIэтыфын IэмалыщIэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ къэгъэсэбэпыныр Iэмалыншэщ.

Зэхуэсым къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я лъэныкъуэкIэ щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ хуащIащ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэ **Павлов Василий**, КъБР-м щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт**, Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз Артур**, Май районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Бездудная Ольгэ**. Абыхэми къыхагъэщащ хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ щIэпхъаджагъэ куэд зэралэжьыр. АбыкIэ къагъэсэбэп, къалэ зэхуакухэм щызекIуэ транспорт IэнатIэми лэжьыгъэхэр щыщIэгъэхуэбжьапхъэу къалъытащ. А къулыкъущIэхэм зэрыжаIамкIэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэр, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я IуэхущIапIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэгъусэу а Iуэхугъуэм елэжьмэ, итIанэщ ехъулIэныгъэ къыщихьынур.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, щIэблэр наркотикхэм щыхъумэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм. АтIэми, наркотикхэм япэщIэтыным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса щIалэгъуалэ зэщIэхъеенығъэм адэкIи нэхъ жыджэру зегъэужьын хуейщ. Апхуэдэуи лэжьыгъэм хэшэн хуейщ а унэтIыныгъэмкIэ IэщIагъэлIхэр.

# Зэпыу имыIэу

**Урысей Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иджыблагъэ видеоконференц IэмалкIэ иригъэкIуэкIащ УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и Президиумым и зэхуэс. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ министерствэхэм, къэрал корпорацэхэм, мылъкур зезыгъакIуэ IуэхущIапIэхэм, щIыналъэхэм я унафэщIхэр. Я гугъу ящIащ ухуакIуэхэм къапэщылъ къалэнхэм, лъэпкъ, федеральнэ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и нэIэ щIэт унэхэр бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ зэрыхуэхьэзырым.

Хуснуллиным губернаторхэм ягу къигъэкIыжащ ухуэныгъэм халъхьэ инвестицэхэм хуагъэува пIалъэхэм кIэлъыплъ зэпыту щытын зэрыхуейр: «Дэ а пIалъэр нэхъ кIэщI зэрытщIыным иужь дит зэпытщ. ЕтIанэгъэ щIыналъэ псори пытщIэну ди мурадщ «Стройкомплекс. РФ» зыфIэтща информацэ системэм. Абы Iэмал къыдитынущ дэтхэнэ ухуэныгъэ лэжьыгъэми и Iуэхур зыIутыр къигъэлъагъуэу, бжыгъэр зи тегъэщIапIэ гуэгъу хуэтщIыну.

УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек щIыналъэ псоми унэ гъэплъыгъуэм зыхуагъэхьэзырын зэраухым тепсэлъыхьащ. «Иджыпстуклэ хьэкухэр зэрылажьэм йоплъ, абы къыдэкIуэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм, энергетикхэм, унафэ зыIэщIэлъ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэуIуу, фэтэр куэду зэхэт унэшхуэхэм я инженер ухуэныгъэхэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIапхъэщ», - жиIащ Файзуллин Ирек.

Зэхуэсым хэтахэр тепсэлъыхьащ ущыпсэу мыхъужыну унэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэн зэрыхуеймрэ щIыналъэхэм зэрызрагъэужь программэхэр гъэзэщIа зэрыхъуну щIыкIэмрэ.

Хуснуллин Марат и гугъу ищIащ лъэпкъ, федеральнэ проектхэм япкъ иткIэ яухыну къалэн зыщащIыжа унэхэр и чэзум яутIыпщын зэрыхуейм. Къэбэрдей-Балъкъэрым школыщIэу 16 щаухуэ, абыхэм ящыщу 7-р мы гъэм яухынущ, лышхым щеIэзэ диспансер, мыл уардэунэ, зы жэщ-махуэм цIыху 500 зэкIуэлIэфыну поликлиникэ щащI, район сымаджэщ 14-м я поликлиникэ къудамэхэр зэрагъэпэщыж, щэнхабзэм и унэу 6-м, еджэныгъэм пыщIауэ 40-м йолэжь. КъинэмыщIауэ, зыхуей хуагъазэ цIыху зекIуапIэ 45-рэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIи 111-рэ, гъуэгу 88-м ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI.

# Илъэсищым тращIыхь

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ.**

2024, 2025 - 2026 гъэхэм ятещIыхьауэ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэрыщыгугъым тепсэлъыхьащ, бжыгъэ щхьэхуэхэр игъэбелджылащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**:

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт дызэрыт илъэсым къигъэлъэгъуа бжыгъэ щхьэхуэхэр: промышленностым къыщIигъэкIыр проценти 106,8-рэ, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм - 105-рэ, инвестицэм - 105,8-рэ, ухуэныгъэхэм - 117,5-рэ, розничнэ сатум - 105,5-рэ, пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэм - 111,6-рэ хъуащ. Экономикэм и апхуэдэ бжыгъэхэм я фIыгъэкIэ лэжьапIэншэхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Илъэс някъуэм кърнубыдэу IэнатIэ зимыIэхэм яхэщIащ цIыху мини 5,3-рэ. Зезыгъэтха лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр процент 1,2-рэ мэхъу. Илъэс кIуам ар проценти 2-т. Илъэс някъуэм кърнубыдэу ику ит улахуэр хъуащ проценти 113-рэ - сом мин 38,821-м нэсащ.

2024, 2025 - 2026 гъэхэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щытетщIыхьым ищхьэкIэ зи гугъу сщIа бжыгъэхэри къэтлъытащ. Илъэсищым и прогнозыр лIэужьыгъуитIу дгъэхьэзыращ. Япэр инвестицэхэм ятещIыхьа экономикэ зыужьыкIэщ, инфраструктурэ проектышхуэхэр хэтщ. ЕтIуанэр - къатщтэ хабзэ мардэм тетырщ.

Илъэсищ нэужьым макроэкономикэ зыужьыныгъэм къигъэлъэгъуэну дыщогугъ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: щIыналъэм къилэжьар (валовый продукт) - сом мелард 367,6-рэ (япэ лIэужьыгъуэмкIэ), сом мелард 306-рэ (етIуанэ лIэужьыгъуэмкIэ). Экономикэм зиужьыным нэхъыбэу хэлъхьэныгъэ хуащIынущ розничнэ сатум - сом меларди 124,7-рэ, мэкъумэш IэнатIэм - сом мелард 15,5-рэ, ухуэныгъэм - сом меларди 9,5-рэ, промышленностым - сом меларди 3,5-рэ.

Дгъэбелджылы илъэсищым и кIэухым бжыгъэ щхьэхуэхэр къыдитыну дыщогугъ: республикэм къыщыщIагъэкI хьэпшыпхэм, ящIэ Iуэхутхьэбзэхэм сом мелард 89,6-рэ (проценти 110-рэ) - япэ лIэужьыгъуэмкIэ, е сом мелард 64,2-рэ (проценти 102,2-рэ) - етIуанэмкIэ; мэкъумэшым - сом мелард 123,5-рэ (проценти 103,2-рэ) - япэ лIэужьыгъуэмкIэ, сом меларди 104,3-рэ (проценти 102,4-рэ) - етIуанэмкIэ; ухуэныгъэм - сом мелард 58,5-рэ (проценти 110-рэ) е сом мелард 48,5-рэ (проценти 104,2-рэ); розничнэ сатум - сом мелард 453-рэ (проценти 110-рэ) е сом мелард 426-рэ (проценти 107,7-рэ); инвестицэм - сом мелард 82,9-рэ (проценти 105-рэ) е сом мелард 78,5-рэ (проценти 102-рэ). Дызытепсэлъыхь пIалъэм республикэм къэкIуэну туристхэм я бжыгъэр хуэгъэфэщауэ цIыху 1 мелуанрэ мин 474-рэ е 1 мелуанрэ мин 417-рэ хъунущ. Илъэсищым и кIэухым лэжьапщIэм и фондым сом мелард 76-рэ е сом мелард 71-рэ (базовэ лIэужьыгъуэмкIэ) къыхэхъуэн хуейщ. Ику ит лэжьапщIэр сом мин 52,5-рэ е сом мин 49,8-рэ хъуну худогъэфащэ, - жиIащ министрым.

КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн** игъэбелджылащ зы лIэужьыгъуэм хиубыдэ щIы Iыхьэр нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хуэгъэкIуэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проектыр. Ар Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и лъэIукIэ ягъэбелджылащ. Гектар хуэдиз хъу щIы Iыхьэр промышленнэ хуэIухуэщIэхэр щихъумэн папщIэ къигъэсэбэпыну хуит ящIынущ администрацэр.

КъБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ пассажир компание» акционер зэгухьэныгъэмрэ цIыхухэр гъущI гъуэгу транспорткIэ къызэгъэпэщынымкIэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** игъэбелджылащ «Психоневрологие диспансер» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр «Психоневрологие диспансер» къэрал бюджет IуэхущIапIэм хуэгъэкIуэжыным теухуауэ Правительствэм игъэхьэзыра проектыр.

Олимп, мыолимп, паралимп, сурдлимпийск джэгухэмкIэ Урысей Федерацэм и гупхэм хэтхэм я бжыгъэр убзыхуным, 2023 гъэм и етIуанэ мазищым ахъшэ саугъэт зратыну спортсменхэмрэ тренерхэмрэ гъэбелджылыным теухуауэ проектхэр къигъэнэIуащ КъБР-м спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Ислъам**.

«КъБР-м щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьын» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр хэлъхьэным тепсэлъыхьащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт**.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Оперативнэ штабым къет

2023 гъэм терроризмэм и бий зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыным тещIыхьауэ НАК-м и унафэщIымрэ КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабымрэ зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ терроризмэм пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр Налшык къалэм щекIуэкIынущ фокIадэм и 26 - 27-хэм.

КъБР-м и Оперштабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ захуегъазэ ар зэрырагъэкIуэкIым тещIыхьауэ пэубыдыныгъэхэр пIалъэкIэ щыIэнкIэ зэрыхъунур къагурыIуэну.



# Жэуаплыныгъэр зыхащIэ

**Видеоэзэпыщ1эныгъэ Iэмалыр къигъэсэбэпу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Промышленнэ продукцэр хабзэр къызэпауду зегъэкIуэным пэщIэт къэрал комиссэм и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер - УФ-м промышленностымрэ транспортымкIэ и министр Мантуров Денис.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ къаIэта Iуэхугъуэмкlэ щIыналъэхэм щыIэ щытыкIэм, абыкIэ яхь жэуапым. Гульытэ хэха хуащIащ промышленность псынщIэмрэ ерыскъыпхъэм пыщIа IэнатIэхэмрэ къыщалэжь продукцэр хабзэр къызэпауду зэрызэрагъакIуэм. Апхуэдэу щытепсэлъыхьащ пиротехникэ хьэпшыпхэр зэбгрыгъэкIыным ткIийуэ кIэлъыплъыпхъэу зэрыщытми. Къинэмыщlауэ, и гугъу щащIащ промышленнэ хьэпшыпхэр урысей сату Iуэхущ1апIэхэм, бэзэрхэм зэрыщащэ щыкIэхэм якIэлъыплъынми адэкIэ нэхъри зегъэужьын зэрыхуейм. Хьэпшыпхэм яыщыу нэхъ ткIийуэ зыкIэлъыплъыпхъэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэнущ.

Апхуэдэу пащэнущ хущхъуэхэм бжыгъэр я тегъэщIапIэу дамыгъэ хэхахэр тедзэным, хабзэм къемызэгъыу зэбгрыкI апхуэдэ хьэпшыпхэр нэхъ мащIэ ящIын папщIэ.

# Ялэжьахэм ироплъэж

**● ЗэIущIэхэр**

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтщ «Урысейм и тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр» IX Парламент зэIущIэу Дербент щекIуэкIым. Дауэдапщэр ещIэкIащ Дагъыстаным и цIыхубэ усакIуэ Гамзатов Расул къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум.**

ФОРУМЫМ ипкъ иту Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ зэIущIэ ирагъэкIуэкIынущ. Абы щытепсэлъыхьынущ иужьрей илъэсхэм ялэжьамрэ зэфIахамрэ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ къалэ цIыкIухэмрэ къуажэхэмрэ дэт щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм зэрызрагъэужьам, «Щэнхабзэ» лъэпкъ Iуэхум и фIыщIэкIэ ахэр къызэрагъэщIэрэщIэжам.

Псалъэм и хьэтыркIэ, 2022 гъэм къриубыдэу къуажэ 400-м щIигъум щэнхабзэмкIэ унэхэр къэралым щаухуащ икIи щызэрагъэпэщыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къапщтэмэ, 2019 гъэм щэнхабзэм и унэ 31-рэ къыщагъэщIэрэщIэжащ, 9 яухуащ, а лэжьыгъэр, нобэми къызэтемыувыIауэ, йокIуэкI.

- Нобэрей зэIущIэм мыхьэнэшхуэ хэлъщ. Абы ди гукъыдэжыр нэхъри къиIэтынущ, адэкIи ди лэжьыгъэм зэрыпытщэн, щэнхабзэм зэрызедгъэужьын, ди хабзэхэр зэрытхъумэн къару къытхилъхьэну согугъэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек а зэхуэсым къыщыщыпсэлъам.

*2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыху къэс псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинур цIыхухэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ зыхуэдизыр гъэувыным и IуэхукIэ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2023 гъэм фокIадэм и 18-м Налшык къалэ №198-ПП*

«Урысей Федерацэм цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыщыхуейм и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №134-ФЗ-уэ 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдэкIам и 4-нэ статьям и 3-нэ пунктымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-уэ 1999 гъэм мазаем и 20-м къыдэкIам и 16-нэ статьям и «ж» пунктымрэ япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зы цIыхум тещIыхьауэ сом 16535-рэ, лэжьэфыну цIыхухэм я дежкIэ - сом 18023-рэ, пенсионерхэм я дежкIэ - сом 14220-рэ, сабийхэм я дежкIэ - сом 17440-рэ хъууэ гъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.**

# ЩIымахуэм зыхуагъэхьэзыр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, «Кавказ Ищхъэрэ Россети» - «Къэббалъкъэнерго» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм иджыблагъэ къапщытащ республикэм электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ и IэнатIэр дызыхуэкIуэ щIымахуэм зэрыхуэхьэзырыр, щIыIэ ямылей къэхъу хъужыкъуэмэ, абы къыдэкIуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм зэрыпэлъэщыну щIыкIэр.**

БЖЫЫХЬЭ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзырын папщIэ 2023 гъэм IэнатIэм къыхуатIыпща сом мелуан 280,8-м щыщу иджыпсту лэжьыгъэм ирахьэлIащ сом мелуани 176,2-рэ, е абы и процент 63-р. Илъэсым зэрыщIидзэрэ IэщIагъэлIхэм зэрагъэпэщыжащ кВ 6-10 лъэщагъ зиIэ трансформатор подстанцу 118-рэ, уэздыгъэ зэрыкIуэ кIапсэу километр 94-рэ (ЛЭП). Абы къыдэкIуэу зэрахъуэкIащ пкъоуэ 635-рэ, дагъуэ зиIэ изолятору мин 1,7-м нэблагъэ. КъэуэнкIэ хъуну жыгыжьхэм я къудамэхэм ток зэрыкIуэ кIапсэхэр зэпамычын щхьэкIэ, гуп щхьэхуэхэм ахэр хэти ираупщIыкIащ, хэти зэран хъу и къудамэхэр пахащ.

«Кавказ Ищхъэрэ Россети» - «Къэббалъкъэнерго»-р къахукъуэкI ныкъуэсаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжын Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ щыIэщ бригадэу 23-рэ, энергетикыу цIыху 92-рэ, техникэ хэхауэ (автокран, автовышкэ, мащэхэр къэзытI) 28-рэ, автотранспорту 38-рэ.

«Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэр электролинэхэм, оборудованэхэм къатехьэлъэ зэпытщ. Ди щIыпIэм щыщыIэ дуней щытыкIэм, щIыналъэм и зэхэлъыкIэм ди энергетикхэм етIысэхыпIэ къратыркъым. Абы къыхэкIыу, щIэгъэхуэбжьауэ зыхудогъэхьэзыр щIыIэм дызэрыпэщIэтыным», - жиIащ «Къэббалъкъэнерго»-м и унафэщI Къарэ Муртаз.

КъыхэдгъэщынщI, республикэм и электросетыр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр кIэухыу къыщапщытэнур жэпуэгъуэщ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

# СЭХЪУ Владимир Къасболэт и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2023 гъэм фокIадэм и 22-м и ныбжьыр илъэс 85-м иту дунейм ехыжащ республикэм щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэр.

Владимир Къасболэт и къуэр Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм 1939 гъэм фокIадэм и 10-м къыщалъхуащ. 1963 гъэм абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ, «инжинер-ухуакIуэ» IэщIагъэр иIэу. «Къэббалъкъпромстрой» трестым и ухуакIуэ управленэ №9-м прорабу лэжьэн щыщIидзащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар унафэщI къулыкъухэм щыпэрытащ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. 1981 гъэм КъБАССР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу ягъэуващ.

1982 - 1986 гъэхэм Сэхъу В. Къ. цIыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIу лэжьащ. А илъэсхэм псэупIэхэр, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэным, социальнэ-щэнхабзэ IэнатIэхэм ехьэлIа унэхэр ухуэным, республикэм и къалащхьэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэхэр зэфIагъэкIащ.

1986 гъэм къыщыщIэдзауэ Сэхъур КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэ - республикэм Къэрал планым и унафэщI къулыкъум пэрытащ, 1988 гъэм щегъэжьауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и секретару, и етIуанэ секретару щытащ.

1991 гъэм къыщыщIэдзауэ 1995 гъэ пщIондэ Сэхъу В. Къ. лэжьащ япэщIыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министрым и къуэдзэу, иужькIэ и япэ къуэдзэу ягъэуващ. Зэман зэблэкIыгъуэу щыта а лъэхъэнэ гугъум абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ республикэм и экономикэр къызэрымыкIуэ щытыкIэм къикIыным хуэгъэпса Iэмалхэр зэхэлъхьэным, ахэр гъэзэщIэным, щIыналъэр зыужьыныгъэм и гъуэгум тегъэувэным.

Сэхъу В. Къ. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и II, III зэхуэсыгъуэхэм я депутату, КъБР-м и Парламентым и III зэхуэсыгъуэм и депутату щытащ.

Къэрал, хозяйственнэ, жылагъуэ лэжьыгъэм хыхьэу зыпэрыта IэнатIэ псоми Владимир Къасболэт и къуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ къызэгъэпэщакIуэ, унафэщI Iэзэу, и къарури, и щIэныгъэри, лэжьыгъэ и пIалъэ зэрищIэри, и зэфIэкI псори хуиунэтIащ республикэм зиужьыным, сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIуэным. Ар цIыху гуапэу, зыкъыхуэзыгъазэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуфу, ныбжьэгъу пэжу щытащ.

Владимир Къасболэт и къуэр и лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу дамыгъэ лъапIэхэмкIэ ягъэпэжащ. Абы къыхуагъэфэщащ ЩIыхьым и дамыгъэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, Къэрал Думэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я щIыхь тхылъхэр, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я дамыгъэ лъапIэхэр. Абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ», «Тэрч къалэм пщIэ зиIэ и цIыху» цIэхэр.

Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын пэжым, унафэщI, къызэгъэпэщакIуэ зэчиифIэм, пщIэ, щIыхь зыхуэщIу щытам, и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ди гум илъынщ.

**КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Къуэдзокъуэ М. М., Мэкъуауэ Т. Э., Альтуд Ю. Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Аттаев Ж. Ж., Ахъмэт А. Н., Ахъуэхъу Т. Б., Бэрбэч А. Хь., Берд Хь. А., Бечелов И. Б., Быф А. Ж., Геккиев З. Д., Геляхов А. С., Джэш В. М., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадэ М. А., Жанатаев С. А., Жыджэт А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къанокъуэ А. Б., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуныжь М. А., Маслов Н. А., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Родинэ В. С., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тату К. Б., ЛIуэжь А. Б., Ульбашев М. М., Уянаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хьэжу В. Ш., Хьэщхъуэжь А. Б., Хъубий М. Б., Хъущт А. А., Earlier Чеченов А. А., Чеченов Хь. Хъу., Щхьэгуэш А. Л., Шурдым Ю. Хь.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ гущIыхьэ ящIыхуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и 2 - 3-нэ зэхуэсхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и 3-нэ зэхуэсым я депутату щыта **Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Хъыбий Наур Хьэбалэ и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Хъыбий (Щомахуэ) Фозэ Хьэмзэт и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Зы лъэпкъ, зы хабзэ, зы гупсысэ!

**Ди газетым зэрытетащи, фокIадэм и 19-м Налшык къалэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIV зимычэзу зэхуэсышхуэ. Конгрессым хэтыну къекIуэлIат Тыркум, Сирием, Иорданием, Европэ къэралхэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь, Краснодар щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.**

ХЬЭЩIЭХЭМРЭ бысымхэмрэ зэгъусэу Налшыкыпсым и бгъум ирикIуэу жыг 40 ирагъэтIысэкIащ. ЖыгыфIыр ищхьэкIи илъабжьэкIи зэрыкIым хуэдэу, лъэпкъми и лъабжьэр быдэ хъуу, и щхьэкIэр гъагъэу псэуну ди гуапэщ.

Зэхуэсышхуэр къызэIуихащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэIущIэм къыщеджащ **КIуэкIуэ Казбек** ДАХ-м и XIV зимычэзу зэхуэсышхуэм хэтхэм зэрызахуигъазэм.

УФ-м и Президентым и Администрацэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и департаментым и унафэщI **Вагинэ Татьянэ** езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ хъумэным ехьэлIауэ илэжь Iуэхухэм ДАХ-р жыджэру зэрыхэтыр жиIащ къыщыпсалъэм.

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **МэшбащIэ Исхьэкъ** къыщыпсалъэм адыгэхэр нэхъ лъэпкъыжьхэм зэращыщыр жиIа иужь, абы ехьэлIауэ тхыдэм къыхэщ щыхьэтхэм я гугъу ищIащ.

- Ди IуэхущIафэхэмрэ Iэужьымрэщ дэ къытщхьэщыпсэлъыкIынур, ди цIэ зыгъэIунур. Ди адэжьхэм къытхуагъэна Iэужь бейр зыужьыныгъэм и архъуанэм иредмыгъэхьэу тхъумэныр, щIэблэм ябгъэдэтлъхьэжыныр ди къалэнщ. Лъэпкъ ямылей щыIэкъым, ди япэ итахэм дахуэфащэу, ди гъунэгъухэм дагурыIуэу дыпсэуныр ди къалэнщ, - жиIащ МэшбащIэм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий и гугъу ищIащ 2021 - 2023 гъэхэм ДАХ-м зэфIигъэкIа Iуэхухэм, адэкIэ къапэщыт къалэнхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтщ Урысей Федерацэм и хэгъэгуи 6-м щыщу жылагъуэ зэгухьэныгъэу 14, хамэ къэрали 6-м щыщ зэгухьэныгъэхэр (Тыркуй, Иордание, Сирие, Израиль, Германие, Абхъаз).

ДАХ-м и IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъ щэнхабзэмрэ бзэмрэ зегъэужьыныр, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэныр, хэкум къэзыгъэзэжахэм лъэныкъуэ псомкIи защIэгъэкъуэныр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм зегъэужьыныр, хэгъэгу, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ дауэдапщэхэм хэтыныр.

ДАХ-р Горчаковым и цIэр зезыхьэ фондым, Лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм, Президентым и гранткхэмкIэ фондым, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, министерствэхэм, граждан жылагъуэ институтхэм ядолажьэ.

Сэхъурокъуэм зэрыжиIамкIэ, ДАХ-м и саулыкъукIэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ адыгеибзэмкIэ учебниккэр федеральнэ мардэм хагъэхьащ.

«КъБР-м егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, еплIанэ классхэм папщIэ анэдэлъхубзэмкIэ учебник мин 98-рэ, 5 - 6-нэ классхэм щеджэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ хузэхагъэува учебникхэр, япэ классым папщIэ Iэрытххэр къыхудагъэкIащ.

ХабзэфI хъуауэ илъэс къэс, Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирагъэкIуэкI «Адыгэ диктантым» Москва, Санкт-Петербург, Тыркум, Иорданием, Германием, Сирием щыпсэу адыгэхэри къыхыхьащ. Псом хуэмыдэу гуапэщ мы Iуэхум щIалэгъуалэр зэрыхэтыр.

Илъэс куэд щIауэ ди щIыналъэм щокIуэкI «Си бзэ, си псэ - си дуней» зэпеуэр. 2022 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Налшык щекIуэкIа щIэныгъэ-практикэ конференцым цIыхуи 100-м щIигъу (бзэщIэныгъэлIхэр, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, къэрал къулыкъущIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр) хэтащ.

«Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр хъумэныр, джыныр, егъэфIэкIуэныр зэкъуэтыныгъэм и лъабжьэщ» фIэщыгъэм щIэту гъэ кIуам Къэрал Думэм щекIуэкIа стIол хъурейм ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хэтащ. А зэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъыбзэхэр хъума, зегъэужьа, джа, къэгъэсэбэпа хъун папщIэ щIапхъэхэмрэ къызэгъэпэщын хуейуэ къалъытэ Iуэхугъуэхэмрэ.

2023 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм «Зыужьыныгъэ зыгъуэта дунейм адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъума щыхъун папщIэ щIапхъэхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ» фIэщыгъэм щIэт щIэныгъэ-практикэ конференц ДАХ-м Налшык къыщызэригъэпэщащ. ЦIыху 60-м щIигъу зыхэта зэIущIэм акъылэзэхэдзэ щащIащ, къэрихьэлIахэм жаIащ бзэр хъумэныр, ар егъэфIэкIуэныр лъэпкъым и къалэн пэрытхэм ящыщу къызэралъытэр.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм хуаIэ зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, хэкум къэзыгъэзэжахэр гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ ДАХ-р егугъуу мэлажьэ. Абы хыхьэу, Сирием къиIэпхъукIыжу КъБР-м къэкIуэжа ди лъэпкъэгъухэм уни 120-рэ къыхуащэхуащ.

2022 гъэм и шыщхьэIу мазэм ди лъэпкъэгъухэм урысыбзэрэ адыгэбзэрэ щрагъащIэ дерсхэр ди республикэм къыщыхузэрагъэпэщащ. Илъэс къэс шыщхьэIум и 1-м Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэр КъБР-м, АР-м, КъШР-м щагъэлъапIэ, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр зэхашэ. КъыхэгъэщыпхъэщI адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжа адыгэхэр хъарзынэу зэрыхэсыхьыжар, жыджэру гъащIэм зэрыхэтыр.

Тыркум щIыр щыщыхьеям щыгъуэ Сэхъурокъуэ Хьэутий я пашэу ДАХ-м и лIыкIуэ гуп ди лъэпкъэгъухэм яхуеблагъэри, я Iуэху зытетыр зрагъэлъэгъуащ, гузэвэгъуэ зылъэIэсахэм защIагъэкъуащ.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я щIэблэр КъБР-м и еджапIэхэм щIэгъэтIысхьэнымкIэ Тыркум, Сирием Иорданием щылажьэ ФIыщIэ Хасэхэм ягъусэу, ДАХ-м защIегъакъуэ.

Мы зэманым КъБКъУ-м еджапIэ визэкIэ цIыху 73-рэ щоджэ.

Илъэс куэд щIауэ ДАХ-м гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щIэблэр зэхуешэс, зэрегъэлъагъу, зэрегъэцIыху. Апхуэдэ зэIущIэхэм сэбэпынагъ ин яIэщ, щIэблэм зэгъусэу бзэр зрагъащIэ, тхыдэм нэIуасэ хуохъу, хабзэм зэрытетыным яужь итщ.

Адыгэхэм я щэнхабзэ, псэкупсэ щIэиныр къэгъэщIэрэщIэжыныр, абы зегъэужьыныр ДАХ-м и IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Лъэпкъым хухаха Щыгъуэ-щIэж махуэр, Ныпым и махуэр, Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэр, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр лъэпкъыр зэкъуэту игъэлъапIэхэм ящыщщ.

Зи гугъу ящI пIалъэм ДАХ-м жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ конференц зэмылIэужьыгъуэхэм, семинархэм, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ зэIущIэхэм, республикэ, къэралпсо зэпеуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэ кIуам Iэтауэ ягъэлъэпIащ. ДАХ-м и лIыкIуэхэр ирагъэблагъэри, абы ехьэлIауэ Кремлым къыщызэрагъэпэща концертым хэтащ.

Президентым и грантхэмкIэ фондым къызэригъэпэщ зэпеуэм ДАХ-р мы гъэм еплIанэу щытекIуащ. Абы ипкъ иткIэ «ЦIыхубэ дипломатие: къалэныр - лъэпкъыр зэкъуэгъэувэнырщ, хэкупсэ лъагъуныгъэр гъэбэгъуэнырщ» Iуэхур ягъэзащIэ.

ДАХ-м и гуащIэ хелъхьэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбэгъуэным, лъэпкъхэм яку Iуэху зэIумыбз, зэгурымыIуэныгъэ къыдэмыгъэхъуэным.

- Си псалъэхэм я кIэухыу жысIэну сыхуейт, сыт хуэдэ лъэпощхьэпо дыIущIами, дыщыпсэу щIыпIэ емылъытауэ, адыгэр зыми дызэрызэкъуимыудыфынур. Зы лъэпкъ, зы хабзэ, зы гупсысэ! - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Конгрессым щхьэхуэу къыщыпсэлъащ ДАХ-м хыхьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, абыхэм кIэщIу и гугъу ящIащ щхьэж и хасэм зэфIигъэкIхэмрэ зэлэжьхэмрэ. Къэпсэлъахэм жаIащ лъэпкъым и пащхьэ къыщыятэ Iуэхугъуэхэм ахэр зэгурыIуэу елэжьын хуейуэ къызэралъытэр.

КАФФЕД-р ДАХ-м зэрыхэтым теухуауэ къекIуэкI гурыщхъуэхэр щамыгъэIэн папщIэ, Конгрессым къэрихьэлIахэм аргуэру зэ IэлэткIэ къагъэлъэгъуащ КАФФЕД-р Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жьауэ щIэту зэрылажьэр.

ЗэIущIэм хэтхэм зэдаарэзыуэ «Достояние Родины» (унафэщIыр Дзэрахъэ Станиславщ) жылагъуэ зэгухьэныгъэр ДАХ-м хагъэхьащ.

ДАХ-м и зимычэзу XIV Конгрессым къыбгъэдэкIыу Зэрызыхуагъазэ тхыгъэр (резолюцэр) зэдаарэзыуэ къызэдащтащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

● **Дунейпсо Адыгэ Хасэ**





## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 23,** *щэбэт*

♦**КъуэкIыпIэ Жыжьэм щагъэлъапIэ Къаплъэным и махуэр**

♦**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдынымкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.

♦**2000 гъэм** Тегенекли къуажэм къыщызэIуахащ усакIуэ, актёр цIэрыIуэу щыта, 1966 гъэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щытраха «Вертикаль» фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа Высоцкий Владимир и музей.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 21-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 24,** *тхьэмахуэ*

♦**Къырым Республикэм и къэрал гербымрэ къэрал ныпымрэ я махуэщ.**

♦**1993 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэ.

♦**1863 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ**.

♦**1898 гъэм** къалъхуащ Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщIу, премьер-министру, Сенатым и Iэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэркъуасэ Анатолэ**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Семэн Руслан**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ тележурналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта **Къардэн Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 21-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 25,** *блыщхьэ*

♦**Зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Машинэ зыщIым и махуэщ**

♦**1915 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист **Пщыхьэщ1э Мухьэжыр**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх мащIэ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градус 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Нэрылъагъу щытхъур щIыбагъырыубщ.**





# Тетыху адыгэр мы дунейм...

**Тхьэмахуэ блэкIам и кIэухым щIадзэри, дызэрытым и бэрэжьейри къиубыду ди республикэм щагъэлъэпIащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр. Ди лъэпкъым, абы и тхыдэмрэ и хабзэхэмрэ, ди анэдэлъхубзэм, адыгэ фащэм - ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыддекIуэкIыу щыта а хъугъуэфIыгъуэ псоми - ятеухуа псалъэмакъхэр, зэхыхьэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пшыхьхэр куэду къыщызэрагъэпэщащ ди щIыналъэм хыхьэ къалэхэм, къуажэхэм, жылэхэм.**

МАХУЭЩIЫМ гуфIэгъуэ зэхыхьэ езыщIэкIахэм ящыщщ Налшык дэт прогимназие №34-р (унафэщIыр Дол Анжелэщ). IуэхущIапIэм гъунэгъу узэрыхуэхъуу, абы и пщIантIэ хуитым къыщыIу пшынэ макъым, адыгэ уэрэдхэм малъхъэдисым хуэдэу «узыIэпашэрт», махуэшхуэр лъэпкъпсо Iуэхугъуэу зэрыщытымкIэ гушхуэныгъэрэ пагагърэ уи гум къыщагъэщIу. А псоми гъусэ къахуэхъужырт дэнэкIи щыплъагъу «Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ!», «Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоIэ!», «Си бзэ - си псэ, си дуней!», «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикIыжыр напэщ!», «Хабзэр лъэпкъым и набдзэщ» хэкупсэ къыхуеджэныгъэхэр.

ЕджапIэм и гупэм къит утыкушхуэу адыгэ ныпхэр щыхуарзэм еувэкIат гуфIэгъуэм хэтыну ныбжьыщIэхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ. ПщIэ хуащIу кърагъэблэгъахэри мащIэтэкъым. Ахэр къызэхуэсахэм ирагъэцIыхуащ гуфIэгъуэр езыгъэкIуэкIахэу прогимназием и гъэсакIуэ Мэзло Иринэрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Битокъу Беслъэнрэ. ХьэщIэ лъапIэхэм яхэтт КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и пашэ Емуз Нинэ, КъБР-м цIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и къудамэхэм я пашэ ЛIыIэщын Людмилэрэ Тиммоевэ Фаризэтрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Социальнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и академик, профессор цIэрыIуэ Хъурей Феликс, хамэ щIыналъэхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэу Вэрокъуэ Зэти (Германие), Дэгъужьокъуэ Мухьэмэдрэ Къандур Сэтэнейрэ (Иордание).

А псоми пщIэ хуащIу Iэгуауэ ин хуаIэта нэужь, гуфIэгъуэр яублащ.

- Адыгэ лъэпкъым и дэтхэнэ зы цIыхуми и дежкIэ нобэрей махуэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. ФокIадэм и 20-р Адыгэ лъэпкъым и махуэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм игъэувауэ щытащ 2014 гъэм. Абы лъандэрэ иджы 10-нэу адыгэ щыпсэу щIыпIэ псоми Iэтауэ щагъэлъапIэ махуэщIыр, - жаIэрт ар езыгъэкIуэкIхэм.

**ФIэхъус апщий, Адыгэ Хэку!**
**ФIэхъус апщий, ди лъэпкъ дахащэ!**



**ЩIэкIауэ щытми куэд ди нэгу,**
**Иджыри Iэджэ ди гуращэщ!**

Абдежым утыкур яуфэбгъуащ гуфIэгъуэр зыIэтахэм ящыщ «Шагъдий» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупым (унафэщIыр Унэжокъуэ Заремэщ). Абыхэм екIуу ягъэзэщIа бгырыс къафэм гури псэри итхьэкъурт, лъэр щIигъэкIырт, къекIуэлIа псоми я гукъыдэжым нэхъри зыкъригъэIэту.

КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я лъэгу щIэплъа хьэщIэхэми хэгъэрейхэми фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуэзыгъэза Дол Анжелэ жиIащ махуэшхуэм иращIэкIа гуфIэгъуэм къахуеблэгъа псоми фIыщIэ ин зэрахуищIыр, лъэпкъ фIыгъуэхэм, хабзэм, щэнхабзэм щIэблэр щIэпIыкIыныр я IуэхущIапIэм щызэфIах къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщми къытеувыIащ. УнафэщI щыпкъэм жиIам и щыхьэту адэкIэ утыкур хуит зыхуащIа ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьащ Адыгэ ныпымрэ абы тет шабзэшэхэм, вагъуэхэм мыхьэнэуэ яIэмрэ, ди адыгэ щIыналъэм и щIыуэпсым и бэвыгъэмрэ и дахагъэмрэ. Адыгэ лIакъуэхэм - къэбэрдей, беслъэней, кIэмыргуей, еджэрыкъуей, мамхэгъ, мэхъуэш, абазэхэ, бжьэдыгъу, хьэтыкъуей, шапсыгъ, натыхъуей, убых - я цIэхэр зытет нып цIыкIухэр яIыгъыу хъурейуэ къеувэкIа щIалэ цIыкIухэр кIэщIу тепсэлъыхьащ зи дамыгъэр яIыгъ лIакъуэм и къекIуэкIыкIам. Абдеж и чэзу дыдэу щыIуащ лъэпкъ усакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин и къалэмыпэм къыпыкIа сатырхэр:

**Адыгэ лъэпкъым и**
**Iэпкълъэпкъ пщыкIутI -**
**Адыгэ анэм и зэш бын**
**гъуэзэджэ,**
**Фэ адэжь хэкум вагъуэу**
**фыщылыдт,**
**Фыкъэзылъагъухэр**
**къывэхъуапсэу зэкIэ.**
... **Иджы фэ дуней псом**
**фыщикъухьащ...**
**Фэрыншэу нэщхъеялэщ**
**чэщей мэзхэр,**
**Фэрыншэу, уэгум вагъуэ**
**щипхъыхьар,**
**Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ**
**нэпцIкIэ мэсхэр.**
**Адыгэ лъэпкъым и**
**лIакъуэ пщыкIутI,**
**Iэпкълъэпкъыу цIыхум**
**фэ фхуэдизщи иIэр,**
**Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд,**
**Фи псэуныгъэр**
**гурыфIыгъуэу зиIэм.**

«Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоIэ!» фIэщыгъэм хуэкIуэрт адэкIэ екIуэкIа Iуэхугъуэр. Зэхуэсым къыщраIуащ лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа адыгэлI щэджащэхэм я цIэхэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы, Идар Темрыкъуэ, Нэгумэ Шорэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Темыркъан Юрэ, Къардэн зэш-лIыхъужьхэу Къубатийрэ Къэбардрэ, нэгъуэщIхэри. КупщIафIэу, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу екIуэкIа зэхыхьэм хэт псоми я нэгу иплъагъуэрт зы нэхугъэ гуэр. Пэжу, иригушхуэрт ахэр зэрыадыгэм, нэхъыжьхэри абыхэм хуабжьу ядэгуфIэрт, апхуэдэ щIэблэ лъэпкъым къызэрытщIэхъуэм я гур хигъахъуэу, я лъэр жан ищIу. Абы хуэгъэпсат еджакIуэхэм ящыщ зым жиIэ мы усэ екIури:

**Уи нэмыс, уи фащэ,**
**уи джэгукIэм**
**Уи щIэблэщIэ уардэр**
**щыгуфIыкIыу,**
**УщIэпсалъэр, узэпсалъэр**
**пщIэжу,**
**Уи Хэку лъапIэр тыгъэкIэ**
**бгъэпэжу,**
**Зэ уадыгэну сыт и уасэ!**

Уэрэдрэ къафэу ныбжьыщIэхэм ягъэзэщIар, усэ дахэхэу къызэджар куэд мэхъу. Iуэхум жыджэру хэтахэм ящыщщ «Иоканто» уэрэджыIакIуэ гупыр (унафэщIыр ПIаз Аннэщ), прогимназием и «Вдохновение» къэфакIуэ гупыр, зи бын а IуэхущIапIэм щеджэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ЩауэлIыхъу Лилие сымэ, нэгъуэщIхэри. Республикэм щыпсэу лъэпкъ псори зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зэрыIыгърэ зэхуэпэжу зэрыщытым и нэщэнэу гуфIэгъуэм щыIуащ адыгэ, балъкъэр, урыс лъэпкъхэм я уэрэдхэр, щагъэзэщIащ я къафэхэр. Куэдым яфIэхьэлэмэтащ «Гущэхэпхэ» теплъэгъуэри. ЕгъэджакIуэ Кумыщ Эммэ къызэригъэпэща а Iуэхугъуэм хэтащ прогимназием и IэщIагъэлIхэри абыхэм я гъэсэн цIыкIухэри. Сабий дыгъэ къызыхэхъуа адыгэ унагъуэм щекIуэкI хабзэ Iуэху дахэм къызэхуэсахэр хэта пэлъытэу ирагъэкIуэкIащ ар.

ЖыпIэнурамэ, махуэшхуэм хуагъэхьэзыра дэтхэнэ зы лэжьыгъэри купщIафIэт, удэзыхьэхт. ХьэщIэхэм хуабжьу гунэс ящыхъуащ я нэгу щIэкIа псори. Лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягъым сабийр ешэлIэнымкIэ, и хабзэр, тхыдэр фIэгъэщIэгъуэну зригъэщIэным ныбжьыщIэхэр хуэшэнымкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр къыхагъэщу, нэхъыжьхэм жаIащ:

- ДрогуфIэ икIи дрогушхуэ адыгэбзэр дахэу зыIурылъ, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ зыхэлъ мыпхуэдэ щIэблэ къызэрытщIэувэм. ФIыщIэ яхуэфащэщ махуэшхуэр зыгъэхьэзырахэми ар зэхэзышахэми. ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, адрейхэм къазэрыщхьэщыкI я нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэр абыхэм яIурылъ бзэмрэ зэрахьэ хабзэхэмрэщи, а фIыгъуэхэр сакъыу фхъумэ, ныбжьыщIэхэ, нэр нэбжьыцым зэрихъумэм хуэдэу. Нобэ лъэпкъым тIэт махуэшхуэхэр угъурлы тхуэхъуну, фIы куэд къытхудэкIуэну псоми дынывохъуэхъу! «Хьет!» - жевгъэIэ, ди адыгэ щIэблэ!

Апхуэдэу хьэлэмэту икIи гъэщIэгъуэну, купщIафIэу икIи гукъинэжу щаIэтащ прогимназием Адыгэхэм (шэрджэсхэм) ди махуэр. Дауи, еджапIэм щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр абы щызэфIах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхухэм я зы Iыхьэ къудейуэ аращ. Апхуэдэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэми, гъэсакIуэхэми, ныбжьыщIэхэми дохъуэхъу зыпэрыт IэнатIэм хуэIэижьу, я къалэнхэм ехъулIэу куэдрэ узыншэу дунейм тетыну, лъэпкъым, Хэкум яфI къызэрыкI IуэхугъуэфIхэр дяпэкIи зэфIахыну, етIанэгъэ и мыпхуэдэ пIалъэм фIыгъуэкIэ нэсыну.

**Тетыху адыгэр мы дунейм**
**Птеуэнкъым Хэкум зеиншафэ!**
**Бзэрабзэ, ди бзэ дахэкIей!**
**Узэпымыу, адыгэ къафэ!**

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэм зеубгъу

● Футбол



**Адыгэхэм я махуэр гъэлъэпIэным хуэунэтIа зэхыхьэ куэд щокIуэкI мы махуэхэм ди республикэм. Абыхэм хыхьэу, Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием щыIащ къыщалъхуа махуэр лъэпкъым и гуфIэгъуэм техуэ, а жылэм щыщ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и орденыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэ. ФутболымкIэ зэпеуэм хэтащ 2014 гъэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр, командиплI хъууэ.**

ЗЭПЕУЭМ кърихьэлIат лъэпкъылI щыпкъэм и Iыхьлыхэр, благъэхэр, ар зыцIыхуу щытахэр, и къуажэгъухэр. Абыхэм гуапэу ягу къагъэкIыжащ а цIыху цIэрыIуэм и гъащIэр къызэрекIуэкIар, и псэукIар, лэжьыгъэ гъуэгуанэ къикIуар икIи псоми къыхагъэщащ зэрыригушхуэр - Мусэбий къэрал, республикэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэу зэфIигъэкIахэм къадэкIуэу, цIыху куэдым ядэIэпыкъуащ, и сэбэп яригъэкIащ.

«Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэр мы гъэм етIуанэщ, япэр нэгъабэ едгъэкIуэкIащ. Нобэрей Iуэхугъуэр зи жэрдэмри, къызэзыгъэпэщари, абы текIуэда мылъкур къызыбгъэдэкIари Ахъмэт лъэпкъырщ, апхуэдэ цIыхушхуэ зэрыдиIэм дригушхуэу, абы и пщIэр къэтIэтыжу. Шэч къытесхьэркъым дэтхэнэ зы жылэми цIыху телъыджэхэр зэраIэм икIи нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр ахэр зыщыдмыгъэгъупщэу, къытщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм ядгъэцIыхунырщ. Ахъмэт Мусабий и фэеплъ зэхьэзэхуэр абы хуэунэтIа Iуэхухэм ящыщщ.

Иджыпсту зэпеуэм хэтыр Налшык и футбол клубхэм я гъэсэн цIыкIухэрщ, ауэ ди мурадщ Ахъмэтым и фэеплъ зэхьэзэхуэм зедгъэукъуэдиину, ар урысейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтшэну. Мусэбий и цIэр зезыхьэ фэеплъ зэхьэзэхуэхэр нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэмкIи едгъэкIуэкIынущ», - жиIащ «Пять колец» спортакадемием и унафэщI, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир.

ГъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэхыу екIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №31-м и гъэсэн цIыкIухэм. ЕтIуанэ увыпIэр зыубыдар Налшык и «Спартак»-м и командэрщ, ещанэр «Бастион» футбол клубырщ, еплIанэ хъуащ Кэнжэ и «Локомотив»-р.

ТхэквондомкIэ (ВТФ - Олимп джэгухэм хыхьэмкIэ) республикэм щыяпэу Урысей Федерацэм и чемпион хъуа Багъ Идаррэ Кэнжэ къуажэм дэт Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и унафэщI Тау Сэфарбийрэ зэIущIэм хэта псоми иратащ кубокхэмрэ медалхэмрэ, къищынэмыщIауэ, абы къыщыхэжаныкIа топджэгу цIыкIухэр футбол топхэмкIэ щхьэхуэу ягъэпэжащ.

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэм еплъыну къэкIуа сабийхэм щхьэкIэ аттракционхэри къызэрагъэпэщат. АбыкIи зэфIэмыкIыу IэфIыкIэхэмкIэ, морожнэхэмкIэ, псыIэфIхэмкIэ ягъэтхъэжащ. ЗэIущIэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм, кэнжэдэс Мамий Аслъэн я пашэу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**





# Бзэм хуэсакъым зыщыщыр ехъумэ



**Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм пшыхь гуапэ щекIуэкIащ, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэлъапIэу.**

«АДЫГЭБЗЭ - адыгэпсэ» зыфIаща зэхыхьэм кърагъэблэгъат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI тхылъхэм я редактор Джэрыджэ Арсен, Кэнжэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Степан Эдуард, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къудамэм и унафэщI НафIэдз Мухьэмэд сымэ.

Кэнжэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэ Балэ Людмилэ пшыхьыр къыщызэIуихым, къызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи ар илъэс куэдкIэ ягъэлъэпIэну къахузэпищэну зэригуапэр жиIащ. «ЗэрыфщIэщи, 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсщ. Ар къалъытэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ гупыж ящIащ щIыхь тхылъхэмрэ тхылъ саугъэтхэмкIэ ди егъэджакIуэхэр ягъэгушхуэну. Анэдэлъхубзэм хуэсакъым лъэпкъри ихъумэу аращи, мы Iуэхугъуэр икъукIэ ди гуапэу къызэдгъэпэщащ. ЕгъэджакIуэхэр фыжыджэру, фи дерсхэр щIэщыгъуэу къызэвгъэпэщу, щIэблэр анэдэлъхубзэм девгъэхьэхыфу иджыри илъэс куэдкIэ Тхьэм фигъэлажьэ», - жиIащ Балэм.

Степан Эдуард адыгэ лъэпкъым ехъуэхъуащ нэхъыжьыфIхэр ущиякIуэу иджыри куэдрэ япэ итыну, ныбжьыщIэхэр узыншэу, Iущыцэу къыхуэхъуну. «Адыгэм хабзэ дахэхэр диIэщи, абыхэм тетын, лъэпкъыр зыгъэпэжын дэтхэнэри Тхьэм дищI», - къыхигъэщащ абы.

- Ди егъэджакIуэ дыщэхэ! Фигу къэзгъэкIыжынщи, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр ди дэIэпыкъуэгъуу, 1999 гъэм «Си бзэ, си псэ - си дуней» зэпеуэр едгъэжьауэ щытащ, егъэджакIуэхэр дгъэпажэу, - пищащ адэкIэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Абы лъандэрэ илъэс тIощIрэ плIырэ дэкIащи, ди къуажэхэр псори къызэхэткIухьащ, егъэджакIуэ нэс куэди дгъэпажащ. ИкъукIэ си гуапэщ Адыгэхэм я махуэм теухуа мы пшыхьым абыхэм ящыщ куэд нобэ къызэрырихьэлIар. Фи IэщIагъэр нэхъ пажэхэм, мыхьэнэшхуэ зыпылъхэм ящыщщ. Адыгэм и щIэблэ дахэм я анэдэлъхубзэр ивогъащIэри, Тхьэм фыхущIигъэхьэ, гукъыдэжрэ узыншагъэрэ къывит.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр иратыжащ илъэс 50-м щIигъуауэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм хэт Къэрэжь Тамарэрэ Сэрахъэ Людэрэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и бгъэхэIу дамыгъэр ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуигъэфэщащ адыгэбзэм зегъэужьыным зэпымыууэ егугъу Балэ Людмилэ.

НафIэдз Мухьэмэд ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, адыгэ Iуэхум теухуауэ сыт щыгъуи зэхыхьэ щIэщыгъуэ куэд зэрырагъэкIуэкIыр къыхигъэщу.

ЕгъэджакIуэхэр ягъэпажа нэужь, абыхэм я нэгу зрагъэужьащ «Нэмыс» сабий къэфакIуэ гупым хэтхэм, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, ШыкIэбахъуэ Ислъам, Хъупэ Марьянэ, Къагъырмэс ФатIимэ, Щокъуий Мурат, Iэпсэ Дианэ сымэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Псалъэмакъ щхьэпэ

**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий Урысей МВД-м и Краснодар университетым и Кавказ Ищхъэрэ институтым щезыгъаджэхэмрэ курсантхэмрэ ядригъэкIуэкIащ «Нэхъыщхьэм теухуа псалъэмакъхэр» дерс щхьэпэ.**

МИНИСТРЫМ гулъытэншэ ищIакъым щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIахэри. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэ зи щIалэгъуэхэр абы къыхуриджащ я къалэнымрэ тхьэрыIуэмрэ хуэпэжыну, я Хэкур фIыуэ ялъагъуну икIи яхъумэну.

Павлов Василий зэпкърыхауэ къытеувыIащ унагъуэ лъапIэныгъэхэм. Ахэрщ цIыхур гъэсэным я лъабжьэ нэхъыщхьэр.

- Унагъуэр, абы и лъапIэныгъэхэр сыт щыгъуи дэтхэнэ жылагъуэми и лъабжьэ нэхъыщхьэщ. Я щэнхабзэм емылъытауэ, сабийхэр унагъуэхэм къыщалъху, щагъасэ, къыдэкIуэтейуэрэ нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ хабзэмрэ зыхалъхьэу, я лъэпкъым я лIыкIуэ нэс хъууэ. Iыхьлыхэм гулъытэ яхуэщIыныр, дзыхь егъэзыныр, фIыуэ лъагъуныр, цIыху пэжу щытыныр, гупым ядекIуэкIыныр икIи жылагъуэм и сэбэп зыхэлъыр япэ игъэщыныр унагъуэрщ щызыхэтлъхьэр,- къыхигъэщащ Павлов Василий.

Министрым институтым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ хабзэхъумэхэр егъэджэнымрэ я IэщIагъэм хагъэхъуэнымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрахуищIым папщIэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI, полицэм и полковник Щхьэгъэпсо Заурбий Павлов Василий иригъэкIуэкIа дерс купщIафIэм папщIэ псалъэ гуапэхэр жриIащ.

А махуэм институтым щыIащ Налшык къалэм дэт, Совет Союзым и ЛIыхъужь Калюжный Николай и цIэр зезыхьэ СОШ №7-м полицэм щиIэ кадет классым щIэсхэр. Абыхэм зыщрагъэплъыхьащ хэщIапIэм, спорт залым, хабзэхъумэ IэщIагъэм хэхауэ зыщыхуагъэхьэзыр классым, нэщанэуапIэм, апхуэдэуи кадетхэм институтым и музейм щалъэгъуащ гъэщIэгъуэн ящыхъуа тхыдэ экспонатхэр.

АдэкIэ кадетхэм къапэплъэрт IэфIыкIэхэр зытелъ Iэнэ. Шей зэдефэу здэщысым ахэр зэдэгуэшащ ялъэгъуахэмкIэ икIи полицей IэщIагъэр къыхахыну зэрамурадыр жаIащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.



**● КъБР-м щыIэ МВД-м къет**

## ПцIым фIым ухуишэркъым

**КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и IэнатIэмрэ Урысей ФСБ-м и щIыналъэ управленэмрэ я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, илъэс 52-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзым шэч хуащIащ ар гъэпцIагъэм пыщIауэ.**

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ къызэралъытэмкIэ, коммерческэ IуэхущIапIэхэм язым и унафэщIу, 2022 гъэм, Iуащхьэмахуэ районым автомашинэ гъуэгур зэрыщызэрагъэпэщыжамкIэ актхэр игъэхьэзыращ цIыхубзым, къагъэсэбэпа материалхэр, абыхэм хуэзэ уасэр дригъэуейщ, ямыгъэзэщIэхха лэжьыгъэхэри къыщигъэлъагъуэри. Муниципальнэ IэнатIэм абы къаIэригъэхьа тхылъхэм япкъ иткIэ Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэр иритащ.

ИрагъэкIуэкIа ухуэныгъэ-техникэ экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, зэфIамыгъэкIа лэжьыгъэм сом мелуани 2-м щIигъу пэкIуащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм шэч зыхуащIым ехьэлIа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ икIи абы щIыпIэм имыкIыну, хабзэр къызэпимыудыну хуагъэуващ.

## Жэуап ихьынущ

**Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм 2023 гъэм фокIадэм и 11-м зыхуигъэзащ зи ныбжьыр илъэс 71-рэ хъу, ХьэтIохъущыкъуей къуажэдэсым. ЦIыхухъум жиIащ и банк счетым сом 54 679-рэ зэрырахар.**

УГОЛОВНЭ къэлъыхъуэныгъэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ абы къэдыгъуар унагъуэм я цIыхугъэ, илъэс 59-рэ зи ныбжь, Бахъсэн районым щыпсэур зэрыарар. ЦIыхубзым зиумысыжри, жиIащ хьэщIапIэ здэщыIэм банк картэм и пин-кодыр къызэрищIар. Ныбжь зиIэ цIыхухъур набдзэгубдзаплъэу зэрыщымытыр къигъэсэбэпри, и картэр къищтащ икIи абы илъ ахъшэр езыр зыхуей счетым игъэкIуащ.

Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ Урысей Федерацэм и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм «г» пунктым ипкъ иткIэ.

**УАРДЭ Жантинэ**.





# ІэпэІэсэ

*Гугъуэт-Иуан Бэллэ ІэпэІэсэщ. Эпоксид сагъызым къыхещІыкІ хьэпшып цІыкІуфэкІу гъэщІэгъуэнхэр. Абы нэмыщІ, къэлътмакъ зэрыхъахэр и ІэдакъэщІэкІщ. ІэпэІэсэным хуеджакъым, атІэ езыр-езыру зыхуигъэсэжащ. Пэжщ, абыкІэ куэду сэбэп къыхуэхъуащ щыцІыкІум и анэшхуитІым зыхуагъэсауэ щытахэр.*



## АнэшхуитІым садэплъейрт

Си анэшхуитІри ІэпэІэсэхэт, сытми хуэІэкІуэлъакІуэу. Си адэмкІэ си анэшхуэм сызэрыцІыкІурэ сыбгъэдэсащ. Куэдым сыхуигъэсащ, игъащІэкІэ си гум изубыда Іущагъ куэд къызжиІащ. И Іэм дыщэ къыпощ, жыхуаІэм хуэдэт: цы зэрихъэрт, дэрт, хидыкІырт, шхыІэн-щхьэнтэхэри хуэщІырт. Си анэмкІэ си анэшхуэм и дей хьэщІапІэ сыкІуэрти, абыи сигъасэрт: цы зэрихъэрт, хидыкІырт. Сэ иджыри школым сыкІуатэкъым, си гуащэм фэилъхьэгъуэхэр щыхузэрысхъэм щыгъуэ. Си анэ шыпхъухэри адэ шыпхъухэри дэфырт. Абыхэми зыкъомкІэ садэплъеящ. Ауэ а псом си Іэпэхэр еса пэтми, хьэпшып щІэщыгъуэ гуэрхэр зэІусщэу, нэхъыбэм зезгъасэу, сызыІэпишэу сызэрелэжьрэ илъэс зыбжанэ хъууэ аращ.

Коронавирус уз зэрыцІалэр къыщыхъеям щыгъуэ, унэм пІалъэкІэ дыщІиубыдат. ЗыгуэркІэ зытезгъэун хуей хъуати, си Іэпэхэр зэсар къэсщтащ. СщІыну сызыхуейр къыхэсха нэужь, интернетым абы теухуауэ илъхэр щІэспщытыкІащ, мастер-классхэм сыкІэлъыплъащ. Егъэлеяуэ сызыІэпишати, иджыри нэхъ щІэщыгъуэ, нэхъ дахэ гуэрхэр сщІыну сыпабгъэрт.

## Дахагъэм узыІэпешэ

Япэ дыдэу сщІащ ІункІыбзэхэр зыфІалъхьэ цІыкІухэр. Си анэм и лэжьапІэм здезгъэхьри, щІэхыу ящэхуащ, иджыри хуей щыІэуи къыщІэкІащ. ИтІанэ ручкэ гъэщІэрэщІа щІыным зеспщытащ. Мис ар къызэгугъуэкІащ, ауэ зи ужь сихьар зэзмыгъэхъулІэуи хъунутэкъым. Ручкэм и шакъэр иухмэ, нэгъуэщІкІэ зэпхъуэкІ хъууэ щІын хуейт, армыхъумэ зымащІэкІэ уритхэу хыфІэбдзэжынумэ, мыхьэнэ иІэтэкъым. Илъэс ныкъуэ хуэдизынкІэ къэслъыхъуащ абы и Іэмалыр. Иджы апхуэдэ къалэмхэр куэдым сагъэщІ, цІыкІухэм яфІэгъэщІэгъуэнщ. АтІэ фІыкъэ уи цІэр тетхауэ ручкэ дахэ зепхьэну. Класс псом е гупжьейхэм зэщхьу яІэн папщІэ куэду щызагъэщІ щыІэщ. Къалэм дэт тыкуэн зыбжанэм щІэлъщ си ІэдакъэщІэкІхэр.

## Хьэпшыпхэр къызыхэсщІыкІыр

Ручкэхэр, брелокхэр, мажьэхэр, сурэт игъэувапІэхэр, блокнотелъхьэхэр, тхьэгъухэр, пщэрылъхэр, Іэпщэхъухэр, нэгъуэщІ цІыкІуфэкІухэри къыхызощІыкІ эпоксид сагъыз жыхуаІэм. Сагъызыр зыІэрыбгъэхьэныр гугъуу къыщІэкІащ, республикэм зэрыщымыІэм къыхэкІыу. Ауэ абыи Іэмал иІэщ - «Озон», «Валдберис» интернет-сату щІыпІэхэмкІэ къызогъэхь. Ауэ ари зэ къебгъэхьу узыхуейм хуэдэу къыпхущІэмыкІынкІэ хъунущ. Ахэр лІэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокІ. КъыхэпщІыкІым елъытауэ, уи хьэпшыпым нэхъ езэгъынур бгъэунэхуу укъытеувыІэн хуейщ. И зэхэщІэкІэми нэсу зыщыбгъэгъуэзэн хуейщ. Сыту жыпІэмэ, ткІуаткІуэр щызэхэпщІэкІэ хэплъхьэхэр къыупщын хуейщ. Эпоксид сагъызым и щхьэхуэныгъэхэмрэ и зэхэщІэкІэмрэ ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэхэм седжащ, интернетымкІэ зэрызагъасэ роликхэм сыщеплъащ.

## ЖармыкІэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр

«Дея» сату щІыпІэм деж ІэпэІэсэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щагъэлъагъуэ жармыкІэ щрагъэкІуэкІ хабзэщи, абы зрызогъэхьэлІэ, си хьэпшыпхэр щызощэ. Абхъаз утыкум хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщмэ, абыи си ІэрыкІхэр сохь. Куэд дэмыкІыу Налшык щекІуэкІынущ удз гъэгъахэм я фестиваль - ари сфІэгъэщІэгъуэнщ, сыхэтынущ.

## Къэлътмакъхэр

Къэлътмакъ сщІыхэм хуэдэ нэхъ здэщыІэр Бразилиеращ. Абыи интернеткІэ зезгъэсащ, тынш дыдэуи къызэхъулІащ, дэн-зэрыхъэнхэм сызэрыхуэІэижьым и фІыгъэкІэ. Нэхъ сызэлІэлІар интернетым илъ ролик хуэдэхэм хамэбзэкІэ кІэщІэтхахэм къарыкІхэр къэзгъуэтынырщ.

Япэ дыдэу къэлътмакъ хуэсщІащ си анэм. Иджыри къэс зэрыз-тІурытІурэ къыщІэупщІэхэм яхуэсщІауэ аращ. Иджы коллекцэ согъэхьэзыр, тыкуэным щІэслъхьэну си гугъэщи. Си къэлътмакъхэм хуэдэ республикэм щыІэкъым, цІыхухэм щІагъуэу яцІыхуркъым иджыри, и модэр къэсакъым, нэгъуэщІу жыпІэмэ. ЗыщІэхэм, зигу дыхьэхэм сагъэщІ, щырыщ-плІырыплІу зыІэрызыгъэхьи яхэтщ.

Иужьу интернетым сыщрихьэлІащ удз гъэгъахэр хэзу хэщІыхьауэ зы къэлътмакъ гъэщІэгъуэн. Абы и щІыкІэм зезгъэсэнущ Іэмал имыІэу.

## Сызыхуеджар

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым географием сыщыхуеджащ. Школым дыщыщІэсым ар сфІэфІт икІи хэсщІыкІырт. Университетми сыдихьэхыу сыщеджащ. Ауэ срилэжьакъым а ІэщІагъэм. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къыщызухым щыгъуэ, стажировкэ дагъэкІуат Налшык дэт школхэм ящыщ зым. ЩІэ гуэр къащІэну ехъуапсэу си гугъэу сызыхыхьа школакІуэхэр еджэну хуэмейуэ къысщыхъуащ, телефонхэр нэхъ я щІэщыгъуэт. А Іуэхугъуэм сІэпиудащ си гукъыдэжыр.

СщІэркъым, сызыхуеджам зэгуэр срилэжьэнкІи хъунщ. Си гуащэр схуохъуапсэ, школым егъэджакІуэу сигъэкІуэну - езыр илъэс куэдкІэ егъэджакІуащи, и гур абыкІэ щыІэщ.

## Сабиигъуэр

Сабиигъуэм епха си гукъэкІыжхэр хуабэщ. Иджырей цІыкІухэм ялъагъуркъым дэ диІа сабиигъуэм хуэдэ. Дэ дунейр зэрыдахэр къытфІэІуэхут, хадэм дихьэн тфІэфІт, дунейр щыуэфІым деж пщІантІэм дыщыджэгурт, ди адэ-анэм дадэІэпыкъурт, ди нэхъыжьхэм я чэнджэщхэр къытлъысырт.

СыщыцІыкІум сехъуапсэу щытащ сурэт щІыным сыхуеджэну. Сыдехьэх абы иджыри, зритезгъэууэ сщІын сфІэфІщ, къызохъулІэ. Теплъэ гуэр си нэгу къыщІэзгъэхьэурэ схуэщІыркъым, ауэ слъэгъуар сощІыжыф.

Тхылъхэм ящыщу сызэрыцІыкІурэ седжэн сфІэфІщ детективхэм. Киноуи аращ сызэплъыр. НэхъыфІ дыдэу солъагъу Кристи Агатэ. Абы и тхылъ куэду диІэт.

## Таурыхъищ

Си анэшхуэм хъыбар гъэщІэгъуэн куэд къызжиІэжу щытащ. И щІалэгъуэр зэрекІуэкІам, хабзэу яхэлъахэм, я ІуэхущІафэу, къагъэсэбэпу щыта Іэмэпсымэхэм - куэдым, куэдым я гугъу къысхуищІырт. Сэри апхуэдэ хъыбархэмкІэ зызгъэнщІыртэкъым.

Таурыхъищ зэпымыууэ къызжиІэжырт сыщыцІыкІум. Абы щыгъуэ ахэр зэрызмытхар сигу къоуэж. СощІэж таурыхъхэр зытеухуар, ауэ зэгъэкІуауэ нанэ зэрыжиІэжу щытам хуэдэу хъума хъуамэ фІыт.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

Щэнхабзэ

# Мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ зи куэдыкІей

**Краснодар крайм и Лазаревскэ щІыпІэм фокІадэм и 15 - 19 махуэхэм щызэхэтащ къэфакІуэхэм я XXII лъэпкъыбэ олимпиадэ. «Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ дунейр яхъумэнущ!» зи фІэщыгъэ а Іуэху дахэр къызэригъэпэщащ Дунейпсо Арткомитетым (и унафэщІыр Бейтыгъуэн Іэуесщ). Абы ехъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гуп зыбжанэ. Псалъэм папщІэ, «JamRaT» (Джамрат), «Дыгъэ шыр» (тІури Нарткъалэ ейщ), «Инармэс» (Шэджэм), «Псыгансу» (Псыгуэнсу) къэфакІуэ гупхэр.**

**ХъыбарыщІэхэм я нэхъыбэр къыщытщІэ интернетым сыщрихьэлІащ къэфэкІэ телъыджэ зиІэ, фащэ дахэ дыдэхэр къызыщылыдыкІ хъыджэбз цІыкІухэм я видеохэм, сурэтхэм. Гъуэгум иригъэзэшауи, концертхэм гугъу щехьауи умыщІэну, хьэщІэщ пщІантІэр адыгэ джэгукІэ къэзыгъэпсалъэ хъыджэбз цІыкІухэм уахэплъэну гухэхъуэт. СыщыщІэупщІэм ипэкІэ зи цІэр зэхэзмыха «JamRaT» гупрауэ къыщІэкІащ. Хъыджэбз цІыкІу защІэу зэхэт лъэпкъ къэфакІуэ ансамблым и къызэгъэпэщакІуэр Теунэ зэщхьэгъусэхэу Джэмалрэ Радимэрэщ. ТелефонкІэ зыпысщІащ Радимэ икІи кІэщІу сыщигъэгъуэзащ я лэжьыгъэм, я Іуэху зехьэкІэм, зэпеуэм зэрыкІуа-зэрыхэтам.**

- КЪЭФЭНЫР сфІэфІу, абы сигури си псэри етауэ сыпсэуащ, къэфакІуэ гуп зыбжанэми сыхэтащ. Унагъуэ сихьа иужь, си щхьэгъусэри гъуазджэм и лэжьакІуэт, уэрэджыІакІуэти, мурад тщІащ уэрэд жыІэным, къэфэным щыхуэдгъасэ студие духуэну. Ансамбль абы къыхэтщІыкІынуи, утыкушхуэ дихьэнуи дигу къэкІыртэкъым, 2019 гъэм цІыкІухэр щызэхуэтшэсам. Гупым хэт хъыджэбз цІыкІу къызбгъэдыхьэу: «Адрейхэм хуэдэу дэри фестивалхэм, зэхьэзэхуэхэм дыхэтыну дыхуейт», - къыщызжиІэм, ди Іуэху бгъэдыхьэкІэм тІэкІу зедгъэхъуэжащ. Ди гъэсэнхэм ансамбль къахэтшыну мурад тщІыри, хореографие лэжьыгъэ купщІафІэхэр дгъэувыным зетпщытащ. Зэи тщыгъупщэжынкъым япэ къафэхэр гъэувыным, фащэхэр гъэхьэзырыным гугъу дызэрыдехьауэ щытар. Ауэ псори тщигъэгъупщэжащ ди сабийхэм зэуэзэпсэу цІыхухэр къызэрыдахьэхам. 2022 гъэм и кІэм ансамблыр (!) утыкум къыщитшар концерткъым, атІэ занщІэу зэпеуэщ. Гран-при саугъэтыр абы щыгъуэ къыщытхуагъэфэщам сытым хуэдиз гуфІэгъуэ диІат цІыкІухэми дэри! Тегушхуэныгъэшхуэ, гукъыдэжышхуэ диІэу иужькІэ Іуэхум пытщащ.

КъызэгъэпэщакІуэ куэдым дыкъащІэри, зэхыхьэхэм драгъэблагъэ хъуащ, ди сабийхэм я бжыгъэм хуэдитІкІэ хэхъуащ. Ансамблым и гуп нэхъыжьымрэ и гуп нэхъыщІэмрэ хэтми, иджыпстукІэ дгъэсэми, псори зэхэту цІыху блыщІым нос ди къэфакІуэ цІыкІухэр. Абыхэм гъуазджэр апхуэдизкІэ я псэм хэлъщ, хуаІэт Іэгуауэм игъэгушхуэху яхузэфІэкІыр нэхъыбэж хъууэ къызэрокІхэри, хуабжьу дагъэгуфІэ. Сыт хуэдэ зэпеуэ дыкІуами, ди гупыр зэрыщыІэ илъэс иримыкъу зэманым къэхъуакъым япэ увыпІэ, саугъэт лъапІэ къэдмыхьу. Ар я фІыщІэщ ди гъэсэнхэм, ди гукъэкІхэр сыт и лъэныкъуэкІи къыддэзыІыгъ адэ-анэхэм. ФІыгъуэу щыІэр къайхъулІэну ди гуапэщ!

**- Сыт хуэдэ къафэхэмкІэ олимпиадэм и утыкум фыкъихьа, Радимэ?**

- ЯпэщІыкІэ дгъэхьэзырауэ щыта къафитІри - «Хъыджэбз къафэ», «Адыгэ сюитэ» - дгъэзэщІащ. Абыхэм къадэкІуэу иджыри лэжьыгъэщІэу тІу здэтшат Лазаревскэм - «Гъатхэ къафэ», «Гуащэ гъасэ». «Гъатхэ къафэм» гъэщІэгъуэну хэлъыр нэхъ цІыкІу дыдэхэм я гуп зэхуэтшэсагъащІэм зэригъэзащІэрщ. НомериплІыми япэ увыпІэхэр къыхуагъэфэщащ, тенджыз Іуфэм зыщаплъыхьыну Іэмал зиІэ ди ныбжьыщІэхэм я гукъыдэжыр нэхъри абы къиІэтащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм я фІэхъус, щытхъу псалъэ зэхэтхащ, ди сабийхэм яхузэфІэкІыр зэпеуэм и утыкум щагъэлъэгъуа иужьи, еш ямыщІэу къафэрт, джэгурт, дызыщІэс хьэщІэщым дыкъыщІрагъэхужынкІэ дышынэу *(мэдыхьэшх)*. АрщхьэкІэ дыкъэзылъагъухэр къэувыІэурэ къыдэплъырт, ягу зэрырихьыр къыдагъащІэрт.

**- АдэкІэ сыт хуэдэ мурадхэр фиІэ?**

- Лэжьэн, лэжьэн, адэкІи лэжьэн. Іэмал имыІэу къафэщІэхэр дгъэувынущ, Іэмал имыІэу фестивалхэм, зэхьэзэхуэхэм дыхэтынущ, Іэмал имыІэу ансамблым папщІэ сабийхэр дгъэсэнущ, дгъэхьэзырынущ. Сэ быдэу си фІэщ мэхъу къэфэным, гъуазджэм дихьэха сабийм цІыху Іей къызэримыщІыкІынур, аращи, адыгэ пщащэ лъэпкъыпсэхэр, бзылъхугъэ щыпкъэ цІыкІухэр къызэрыдгъэтэджыным яужь сыт щыгъуи дитынущ.

**- Упсэу, Радимэ! Джэмалрэ уэрэ фи хъуэпсапІэ дахэхэр къывэхъулІэну ди гуапэщ!**

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.






● Сабий джэгукIэхэр

# Топзэрыж

ДжэгукIэ гугъукъым. Джэгур щIалэ цIыкIухэрщ. НэхъыщIэхэри (илъэсибл-бгъу) нэхъыжьыIуэхэри (илъэс пщыкIух-пщыкIубл) зэхэту мэджэгу. Джэгухэр дапщэ хъуми, тIурытIу къызэролэ. Псоми баш зырыз яIыгъщ. Хьэшакъ фIэтмэ, нэхъыфIщ. Гуп къэс пхъэ топ зырызи яIэщ.

Губгъуэ джафэм (удзыпцIэми хъунущ, ауэ удз имытмэ, нэхъ псынщIэу щокIуэкI) джэгухэр псори сатыритIу щоувыкI. ГупитIым я зэхуаку лъэбакъуибгъу-пщIы дэлъщ, зы гупым хэтхэр лъэбакъуэ 20-25-кIэ зэпэжыжьэщ. Сатырхэм нэхъыщIэ цIыкIухэр япэ ирагъэувэ. Япэ дыдэ ититIым пхъэ топхэр ират. Ахэр щIым ягъэтIылъ, зэрыра-хужьэным хуэдэу загъэхьэзырауэ.

Сатырхэм я ужь дыдэ итыр тхьэмадитIырщ. Абы языр ину мэкIий: «Топ... зэрыж», - жеIэри. Ар зэрызэхахыу пхъэ топхэм бгъэдэт щIалэ цIыкIуитIым топхэр ирахужьэ, я гъунэгъум нэс яхуу абы иратыну. Зратам адэкIэ пащэ. Апхуэдэххэурэ тхьэмадитIым я деж носхэр. Тхьэмадэхэм топхэр ирахужьэри, зэраухылIауэ тур зытращIа щIыпIэм нэс яху.

Топзэрыж щыджэгукIэ, зыгуэр ину еуэу и гъунэгъум блихуу адрей къыкIэлъыкIуэм ирит хъунукъым. Абы апхуэдэу блихуамэ, топым лъэщIыхьэу езым кърагъэгъэзэжу зи чэзууэ щытам деж къихужын хуейщ. ИтIанэщ мыдрейм щыпищэнур. Ауэ хуит ящI зи чэзур тIэкIу къикIуэту топыр къэзыхум нэхъ пасэу къыIихыну.

Иужь дыдэу топыр зылъысыр тхьэмадэхэрщ. Мис ахэр хуитщ зэрафIэщкIэ топыр щIахуэу, зэраухылIа турым ар яхунэгъэсмэ, нагъэсыну. Ауэ абы щыгъуэми езыхэр Iэмал имыIэу жэрыгъэкIэ а турым нэсын хуейщ. Къытежу япэ нэсым и гупыр текIуэу аращ.

Турыр гупитIым я дежкIи зыщ. ЗэрызэгурыIуа лъэбакъуэ бжыгъэм щIигъуу зыгуэрым и топыр лъеямэ, ар хэткъым. Абы щыгъуэ тхьэмадэр а топым кIэлъыжэу турым дежкIэ къеуэжын хуейщ. А псоми зэман токIуадэри, дауи, адрей гупым я тхьэмадэр къыкIэрыхуами, япэ ищыжыныр бетэмалщ.

**МАФIЭДЗ Сэрэбий**.



● Шхыныгъуэхэр

# Тхьэв и гъусэу гъэва джэдыщIэ



Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэгъущ, зэпкърах, шыуан лъэщIабгъуэм иралъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу тракIутэ, тхьэв ягъэхьэзырар лым и щIыIум сатыру тралъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэжри, зэ къытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэ цIыкIум тету лыри тхьэври хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 25-кIэ, ягъавэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, тхьэв вар тепщэчым иралъхьэ, абы лыр тралъхьэ, зыхэвыкIа лэпсым щыщ тракIэж. Пщтыру яшх.

***Тхьэвыр зэращIыр:*** Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIам и кур кумб ящI, абы шыгъу, джэдыкIэ хэлъу псы щIыIэ иракIэри, фIыуэ япщ. Нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ ар хъыдан тепхъуауэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щагъэт. Хьэзыр хъуа тхьэвыр хьэжыгъэ зытеуда Iэнэм тралъхьэри, и Iувагъыр мм 2, и кIыхьагъыр см 55-рэ, и бгъуагъыр см 30 хъууэ хупхъэкIэ яху. Абы и щIыIум тхъу щахуэ, бжьын цIынэ, къуэнтхъурей упщIэта, шыбжий сыр плъыжь, джэдгын, бурш хьэжа тракIутэ. ИтIанэ тхьэвыр жэрумэм хуэдэу яшыхь мыгъум дыдэу, и кIапэр джэдыкIэпскIэ зэтрагъэпщIэж, и кIыхьагъыр см 2, и хьэлъагъыр г 20-25-рэ хъууэ сэкIэ зэпаупщI.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*** джэдылу - грамм 500, псы щIыIэу - грамм 230-рэ, гуэдз хьэжыгъэу - грамм 350-рэ, тхъууэ - грамм 50, псыуэ - грамми 120-рэ, джэдыкIэу - 1, бжьын цIынэу, къуэнтхъурейуэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

# Бжьыныху шыпскIэ гъэбэкхъа лы



Былымыл щабэ дыдэр псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэпхъри, г 10 - 15 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ. Тебэм тхъу иракIэри, градуси 150 - 160-м нэсу къагъэплъ, лы тыкъырхэр абы халъхьэри, зэIащIэурэ зы дакъикъэ хуэдэкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ абы щIакIэ шатэкIэ щIа бжьыныху шыпс, шыбжий хадзэ, мафIэр цIыкIу ящIри, и щхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ дакъикъитхукIэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, джэдгын хаудэ, шыуанылщхьэр трапIэжри, дакъикъи 4 - 5-кIэ щагъэт.

***Бжьыныху шыпсым щхьэкIэ:*** бжьыныхур шыгъу хэлъу яуб, шатэ хакIэри зэIащIэ.

Пщтыру яшх. ПIастэ хуабэ, чыржын, хьэлIамэ докIу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** лыпцIэу - г 400, тхъууэ - г 100, шатэу - г 150-рэ, бжьыныхуу - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Ар пэжщ

# ТхакIуэм и хьэлыр



Франджы тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Мериме Проспер гуфIэу е дыхьэшхыу зэи зыми илъэгъуакъым. Зы хьэл мыхъумыщIи зыхэмылъ, теплъэ дахи зиIэ Мериме и рассказхэри дахэу, екIуу жиIэжырт. Абыхэм я нэхъ дыхьэшхэн дыдэри тхакIуэм къызэриIуэтэжыр псы стэкан кърагыну щIэлъэIу цIыхум и макъым ещхьут.

Мериме, езым зэрыжиIэмкIэ, ищIэн щимыгъуэтхэм деж тхэуэ арат.

- ХьэщIэ къэкIуэн хуейуэ сыщыпэплъэхэм деж сытIысырти, зы балладэ стхырт, - жиIэрт абы.

● ГъэщIэгъуэнщ

# ЦIыхум и нэхэр хэхъуэркъым

♦ВымпIухэм я щхьэр ямыгъэсысу къахуэкIухьыркъым.
♦ЦIыхур щыпырхъкIэ пщIыхь илъагъуркъым.
♦Псы пщтырыр нэхъ хьэлъэщ псы щIыIэм нэхърэ.
♦Айсберг мыиным и хьэлъагъыр тонн мелуан 20-м щIегъу.
♦Лимоным фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ мэракIуэм нэхърэ.
♦Креветкэхэм я гур я щхьэм илъщ.
♦Блэм и фэр щызытридзым деж и нэхэр нэф мэхъу.
♦ЦIыхум и нэхэр хэхъуэркъым.
♦Дунейм пыл зэмылIэужьыгъуэу 10 тетщ.
♦Бэджым нэ 16 иIэщ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Сосрыкъуэ и къэшэн пщащэ. **4**. Къыдалъхуауэ цIыхум и щIыфэм хэт. **6**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **8**. Пасэрей хъыбарегъащIэ. **9**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **13**. Хьэндыркъуакъуэ шыр. **15**. Бын. **16**. ПкIэлъейм ущыдэкIуейкIэ узытеувэр. **20**. Кавказ Ипщэм щыщ лъэпкъышхуэ. **21**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ, къанэ псыр. **22**. Пхъэ упсахуэ.

***Къехыу:*** **1**. ГуфIэгъуэ Iэнэм щыс нэхъыжьхэм къыхутралъхьэ лы Iыхьэ гъэва. **2**. Профсоюз лэжьакIуэ, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ адыгэ бзылъхугъэ. **3**. Адыгэш. **5**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ? **7**. Ху къызыщIаIукI хьэцэпэцэ. **10**. Уафэ лъащIэм къыщызыджэдыхь «бжьэхуц» гуартэ. **11**. Атэлыкъым и гъэсэн. **12**. Ямыупсу щхьэкум къранэу щыта щхьэц Iэрамэ. **14**. Мывэ блыну дэкIуей бгы задэ. **15**. Бжэгъу кIыхьым, арэфым зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **17**. IутIыж Борис и адэцIэр. **18**. Бжэнхэм я пашэ. **19**. Утелъ, ущыжей хъууэ жыгым тращIыхь гъуэлъыпIэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.

**ФокIадэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **6**. ХьэщIэ. **7**. Дзыгъуэ. **8**. Нэ. **9**. Ядэшх. **11**. Хьэ. **12**. Хуэдэщ. **13**. ЯпэкIэ. **15**. Из. **17**. ЩхьэкIэ. **18**. ЕщI. **19**. Урыс. **21**. Блэр.

***Къехыу:*** **1**. Уэмэ. **2**. КIэ. **3**. Дыщэр. **4**. Удз. **5**. Гугъуехь. **9**. ЯгъэIущ. **10**. Хэпхъуэ. **14**. Джэду. **16**. Зыри. **18**. ЕщIэж. **20**. Сэ. **21**. Бэ.

● Псалъэжьхэр

# Фэ зытетым гу кIуэцIылъщ

♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
♦УнагъащIэ хьэщIэхуэфIщ.
♦ЦIыхубз зыщIэмыс унэр сабафэщ.
♦Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщIэркъым.
♦УкIытэр и нэгу щIэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ.
♦Фэ зытетым гу кIуэцIылъщ.
♦Хуабэ хъумэ, мэдыд, щIыIэ хъумэ, мэдий.
♦ЩIалэм къижыхьмэ, лIыжьым и лъэдий мэуз.
♦ЩIыр бжьэкIэ епщри, къыпыщым тоувэ.
♦Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.
♦Быныр нэм и хъуахуэщ.
♦Бысым гуащэщIэ хьэщIэ и щIасэщ.







# Ди махуэшхуэм и щIыхькIэ

• Пшыхьхэр

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым макъамэрэ къафэрэ щытепщэ пшыхь гуапэ щекIуэкIащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ. Ар ирагъэкIуэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Хьэмырзэ Ахьмэдрэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ.**

- ФIЭХЪУС апщий, Адыгэ Хэку! ФIэхъус апщий, ди лъэпкъ дахащэ! ЩIэкIауэ щытми куэд уи нэгу, иджыри Iэджэ уи гуращэщ! Тетыху адыгэр мы дунейм, теуэнкъым Хэкум зеиншафэ, бзэрабзэ ди бзэу дахэкIей, узэпымыу адыгэ къафэ! Ди къуэш лъапIэхэ, ди шыпхъу гумащIэхэ, нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, адыгэ лъэпкъым я махуэ лъапIэщ. Ди лъэпкъыр нэхъри зэкъуэувэн, бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр езыгъэфIэкIуэн, анэдэлъхубзэр тIэщIэмыхуу зи лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зыхъумэжын лъэпкъ Тхьэм дищI! - жаIащ Хьэмырзэ Ахьмэдрэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ пшыхьыр къыщызэIуахым. - Фащэр зейр зезыхьэрщ. Ди бзэмрэ ди хабзэмрэ, ди пщIэмрэ ди фащэмрэ тхъумэжу зи махуэр зыгъэлъэпIэн лъэпкъ Тхьэм дищI!

- Ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ, фи пщыхьэщхьэ фIыуэ! Дунейпсо Адыгэ хасэм къыбгъэдэкIыу сигукIи си псэкIи сынывохъуэхъу адыгэм ди махуэ лъапIэмкIэ! Мы гъэм епщIанэу дгъэлъапIэ махуэм лъэпкъым фIы къытхудэкIуэну, нэмысымрэ насыпымрэ зыхъумэн, адрей лъэпкъхэм екIуу ядэпсэун Тхьэм дищI! Ди нэхъыжьхэм къагурыIуэрт лъэпкъ махуэм ирихьэлIэу къыддекIуэкI хабзэ, щэнхабзэ дахэхэр, хьэл-щэн, шхыныгъуэ нэхъыфIхэр къэгъэлъэгъуэн, фэилъхьэгъуэ нэхъыфIхэр щытIэгъэн зэрыхуейр. Лъэпкъ тхыдэм хыхьэу къызэднэкIа напэкIуэцI гузэвэгъуэхэр зыщыдмыгъэгъупщэу, дунейр мытыншми, щIэблэр къызыхэкIа лъэпкъым иригушхуэу къэдгъэхъуну ди къалэнщ, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - ХэщI димыIэну, ди къэкIуэнум папщIэ псэзэпылъхьэпIэ ит ди щIалэхэр узыншэу къекIуэлIэжыну, мамыру дыпсэуну Тхьэм жиIэ! - Гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщу ди махуэр къыддэзыгъэлъапIэхэм, пшыхьым къекIуэлIа хьэщIэхэм, хамэ къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэм фIыщIэ фхузощI! Узыншагъэ, гуапагъэ, мамырыгъэ, гуфIэгъуэ, зэкъуэтыныгъэ, зэгурыIуэныгъэ диIэну!



Пшыхь дахэр къызэIуахащ дуней псом щыцIэрыIуэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым. Абы къыпащащ «Бахъсэн ауз», «Балкария», «Шэрджэсхэр», «Тэрч къэзакъхэр» къэфакIуэ гупхэм, республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу ДыщэкI Артур, Хьэкъул Оксанэ, Гуазэ Тимур, Теппеев Алим, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Шэрджэс Iэсият, Сокъур Ольгэ, пшынауэ Iэзэ Лыджыдэ Алий сымэ. Зэрыхабзэу, пшыхь гуапэр абы хэтахэм я уджкIэ зэхуащIыжащ.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщу я адэжьхэр щыпсэуа щIыналъэм къеблэгъэжахэр, гъунэгъу лъэпкъхэм щыщхэр, ди зэкъуэтыныгъэр, зэпыщIэныгъэр нэхъри ягъэбыдэну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Хъыбар гуапэ

# НыбжьыщIэхэм я зыужьыпIэ

**Адыгэхэм я махуэр щагъэлъапIэм ирагъэхьэлIэри, Кэнжэ къуажэм къыщызэIуахащ боксым зыщыхуагъасэ спортзалыщIэ. Абы и хэщIапIэ хъуар курыт еджапIэ №20-рщ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым унафэ ищIауэ щытащ физкультурэм, спортым, егъэджэныгъэм ехьэлIауэ щыIэ законодательствэхэр зэуIуу зэдэгъэлэжьэным теухуауэ. Ар ягъэзащIэкIэрэ, республикэм япэу щаухуа объектщ мыр.

Кэнжэдэсхэм, еджакIуэ цIыкIухэм, спортым дихьэххэм я гуфIэгъуэр даIыгъыну абы кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, спортсмен цIэрыIуэхэр, къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. ГуфIэгъуэ Iуэхугъуэм ехьэлIауэ школ пщIантIэм къэрал ныпхэр лъагэу щаIэтащ.

Зэхуэсым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ къытщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм я дежкIэ спортым мыхьэнэуэ иIэр, Iэпкълъэпкъыр зэрипсыхьым нэмыщI, абы акъылым зэрызригъэужьыр, еджэнымкIи сэбэп зэрахуэхъур, уэрамым къызэрыдишыр, мыхъумыщIагъэхэм зэращихъумэр.



«Шэч къытесхьэркъым, ноберей спортзалыщIэм фIы куэд къызэрыдэкIуэнум, республикэр зэрыгушхуэн спортсмен цIэрыIуэхэр къызэрыщIэкIынум», - жиIащ Хьэсанэ Ислъам.

ХьэщIэхэм къаплъыхьащ иджырей мардэм къитIасэ спортзалыщIэр икIи ялъэгъуахэмкIэ арэзы хъуащ. Ар къызэгъэпэщащ боксым зыхуэбгъэсэн щхьэкIэ узыхуэныкъуэну IэмэпсымэхэмкIэ. Бокс Iэлъэр пIэрыгъыу IэкIэ узэуэ фэ къэпхэр (грушэхэр), тренажерхэр ярикъуу щыIэщ. КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм боксёрхэр щызауэ профессиональнэ рингыр къахуищэхуащ.

БоксымкIэ секцэр къызэрагъэпэщащ Кэнжэ дэт «Пять колец» спортакадемием и дэIэпыкъуныгъэкIэ икIи абы и лэжьыгъэм пыщIауэ щытынущ. Нобэ спортакадемием къокIуалIэ ныбжьыщIэу 900-м нэблагъэ. Абыхэм зыщыхуагъасэ тхэквондом, бэнэкIэ хуитым, дзюдом, гимнастикэм, футболым, иджы боксыр къахыхьащ.

БоксымкIэ сабийхэм ядэлэжьэнур Урысей Федерацэм спортымкIэ и мастер КIыщ Залымщ. Ар мызэ-мытIэу урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ, призер хъуащ. Абы зэрыжиIамкIэ, секцэм иджыпсту зыхезыгъэтхар ныбжьыщIэ 25-щ, ауэ абыхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэнум шэч къытрихьэркъым.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

• УФСБ-м къет

# Бюджет ахъшэм хэIэбащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым къыщIагъэщащ коммерческэ IуэхущIапIэхэм язым и унафэщIыр «Къуажэхэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ къаутIыпща бюджет ахъшэр дыгъуным зэрыпыщIар.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, хьэрычэтыщIэм КъБР-м и Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэм гъуэгухэр зыхуей щыхуэгъэзэным ехьэлIа лэжыгъэхэр щызэфIаха хуэдэу акт нэпцIхэр игъэхьэзыращ.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159.2 статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ. Ар илъэси 6-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

*Зыгъэхьэзырар*

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.**

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66**

**Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.623 • Заказыр №2069**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР**
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**